

# Ana konprann senk sans yo



Liv sa a ap ede elèv yo konprann

**KI JAN POU YO APLIKE SA YO KONNEN POU  
YO ANALIZE EPI EVALYE ENFÒMASYON.**



Ana konprann  
senk sans yo


Tit sa a fè pati seri Ana ak Tiga. Se yon seri liv sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki kreye yon ankadreman pou ti moun ann Ayiti. Ekip sa a gen ladan l savan lokal ak entènasyonal nan domèn edikasyon, sikoloji, sosyoloji, antwopoloji ak relijyon ann Ayiti.

Ekip otè sa yo travay ansanm sou yon seri istwa ak aktivite ki kapab ede elèv yo devlope ladrès yo nan domèn sosyal ak emosyonèl. Otè istwa ak aktivite yo se : Pwofesè Evelyne Trouillot, Pwofesè Bayyinah Bello, Doktè Charlene Désir ak Doktè Anasthasie Libériste-Osirus. Grafis yo se David Campbell avèk Leneen Faith Williams. N ap di yo tout yon gwo mèsè pou bèl istwa sa yo – yon gwo mèsè tou pou kreyativite ak devouman nou tout pou reyalizasyon travay sa a.



Revizyon : MIT-Ayiti





Kad sa a dwe sèvi kòm sous ak gid pou tout moun ki nan sektè ansèyman, espesyalman moun k ap travay nan lekòl ak sa k ap bay sèvis nan òganizasyon ki gen pou wè ak zafè ledikasyon, k ap akonpaye epi ede nan lekòl fondamantal, segondè ak apre segondè. Travay sa a ofri tout eleman kle pou aprann ak pasyon nan kontèks sosyal ak kiltirèl nan istwa peyi nou, Ayiti. Epi tou, travay sa a ofri oryantasyon ak estrateji pou w ka itilize lide pa w, sitou nan sektè ledikasyon. Pou plis enfòmasyon sou travay nou nan alfabetizasyon ak aprantisaj sosyal ak emosyonèl ann Ayiti, tanpri vizite lyen sa a : <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>.



Nan mòn Jeremi, gen yon kote ki rele Lakou Solèy. Se nan zòn sa a Ana ap viv ak grann li, manman li, papa li epi frè li. Ana se yon ti fi ki renmen lekòl anpil. Kè li toujou kontan. Li renmen jwe anpil nan rekreyasyon ak zanmi li yo ; foutbòl menm, se pa pale.

Chak jou, lè Grann Woz al chache Ana lekòl, se tout yon plezi pou li ap esplike grann li tout sa li aprann pandan jounen an nan klas la ak tout sa ki pase sou lakou rekreyasyon an. Jodi a, pandan Grann Woz sot chèche Ana lekòl, li remake Ana fè tout wout la san li pa pale menm. Sanble kè li pa kontan.





Grann Woz mande Ana :

- Èske tout bagay te byen pase lekòl la jodi a ?

Ana pran yon ti tan pou l reflechi, li kanpe, li gade Grann Woz epi li tonbe kriye. Grann Woz mande Ana :

- Pale ak Grann Woz, Ana. Ki sa ki pase ?

Men, Ana kenbe men grann li, l ap kriye.



Ana reponn :

– Pandan mwen nan rekreyason jodi a, mwen tande Janèt k ap pale kòman li itilize tout senk sans li yo nan klas li a jodi a.

Grann Woz bese pou li gade Ana nan je. Li di :

– Men, ki pwoblèm ki genyen nan sa, Ana ?

Ana tonbe kriye pi rèd.



Ana gade Grann Woz, li di :

– Men, Grann, kòman fè li gen senk sans epi, mwen menm, mwen pa genyen ?

Grann Woz reponn :

– Ana, èske ou konnen ki sa senk sans yo ye ? Yo se : **Wè, santi, tande, goute, manyen.** Ana, ou itilize senk sans ou yo chak jou san ou pa menm reyalize sa.



Ana gade Grann Woz, l ap reflechi. Menm moman an, gen yon gwo van ki pase ki lage chapo Grann Woz atè. Van an souke fèy ki nan pye mango yo, gen mango ki menm tonbe atè a. Menm pye gwayav yo souke tou.





Gwayav se yon fwi ki tèlman gen bon sant, lè van an pase se tankou se te sèlman yo menm ki te plante sou mòn lan. Sant yo anvayi tout kote. Grann Woz respire epi li ranmase chapo li atè a, li mete nan tèt li.



Ana di Grann Woz :

– Gade ki jan gwo van an lage gwayav yo atè. Gwayav yo santi bon Grann Woz. Mwen pral ranmase kèk pou m goute. Pou jan gwayav sa yo dous !!!

Ana ranmase plizyè bèl gwayav atè a. Gwayav yo tonbe fò, se vre. Men, yo byen anfòm paske yo pa kraze.

Nan rivyè ki tou pre a, Ana lave yon gwayav pou l manje. Grann Woz gade Ana, li souri. Li kenbe men Ana epi y ap mache pou rive lakay.



Sanble Grann Woz fatige. Li fè yon ti poze, li chita atè pou li koze avèk Ana. Li di :  
– Ana, ki sa ou panse si mwen ta di w ou fèk itilize tout senk sans ou yo youn apre lòt ?

Men, Ana pa twò konprann.

Grann Woz gade Ana, li di :  
– Ou sonje ki sa mwen te di w senk sans yo ye ?

Ana sonje :  
– Yo se : **Wè, santi, tande, goute, manyen.**

Grann Woz fè Ana sonje van an ki te souke pye gwayav la. Li di :  
– Ou te tande gwayav yo ki te tonbe atè a. Kiyès nan senk sans yo ou te itilize pou sa ?

Ana reflechi, li di :  
– Mwen panse se **tande.**



Grann Woz di :

– Se sa menm, Ana. Men, ou sèvi ak yon lòt nan senk sans yo tou lè ou pran sant gwayav yo. Lè ou fin pran sant yo, ou chache kote yo ye atè a, pa vre ?

Ana kòmanse konprann. Li di :

– Wi, Grann, fòk mwen wè yo pou mwen ranmase yo.

Grann Woz kenbe men Ana, li di :

– Wi. E lè ou al ranmase yo atè a, ak ki sans ou sèvi pou sa ?

Ana ap reflechi :

– Pou mwen ranmase yo atè a, fòk mwen manyen yo. Sa vle di mwen sèvi ak sans ki rele **manyen** an.





Grann Woz reponn :

- Sa ou di a se sa li ye, Ana. Lè ou te fin manyen yo, ki sa ou te fè ?

Ana gade fwi a epi li di :

- Mwen te goute yo.

Grann Woz kontan, li bat men pou Ana. Li di :

- Ou wè kòman ou jwenn ki jan ou sèvi ak senk sans yo pou kont ou ?

Ana kontan, li anbrase Grann Woz epi li di :

- O !!! Mwen konprann kounye a, Grann Woz. Mèsi anpil !



Grann Woz ak Ana kontinye mache. Epi, Grann Woz di :

– Mwen byen kontan ou konprann, pitit mwen. Ou itilize tout senk sans ou yo san ou pa menm reflechi sou sa.

Ana di :

– Men, Grann Woz, èske mwen te oblije itilize yo tout an menm tan ?

Grann Woz reponn :

— Ou bezwen chak grenn nan senk sans ou yo. Chak sans ede w konprann youn lòt. Ou wè ki jan yo youn soutni lòt pou ede w konprann yon sitiyasyon, pou w ka pran yon desizyon final.

Grann kontinye pale epi l esplike Ana :

— Pandan m ap pale avè w la, gen anpil moun k ap itilize youn, de oubyen tout senk sans yo san yo pa menm reyalize sa.

Ana tonbe ri.



Ana deside pou li pran yon plim ak papye pou li al gade sa manman li ap fè deyè a pou li ka wè kòman l ap itilize senk sans li yo san li pa menm kalkile sa.

Ana pa ka tann pou li rive lekòl la demen pou li esplike ti moun yo pandan rekreyasyon ki jan yo ka itilize senk sans yo chak jou.

## Mo vokabilè

**Gwayav** : Se yon fwi gi gen po jòn, anndan li woz, li santi bon anpil, lè li pare pou w manje l.

**Pye gwayav** : Se pye bwa ki pote gwayav yo.

## Kesyon konpreyansyon

1. Ki moun ki pèsonaj prensipal nan istwa a ?
2. Ki pwoblèm pèsonaj prensipal la eseye rezoud ?
3. Ki fwi pèsonaj prensipal la goute ?
4. Pou ki sa ou panse li enpòtan pou w konnen senk sans yo ?
5. Ki jan ou ta espliche zanmi ou yo kòman yo ka itilize senk sans yo ?

## *Estrateji sosyal ak emosyonèl*

Ana te aprann ki jan li ka sèvi ak senk sans li yo paske li poze kesyon epi li panse sou sijè a. Kounye a, se lè pou ou eseye. Ale deyò a epi gade plant yo ak bèt yo. Chwazi yon plant oswa yon bèt ou ta renmen aprann plis sou li. Reflechi sou sa ou vle aprann espesyalman. Kounye a, poze yon gran moun kesyon, ekri sa ou aprann lan epi pataje ak yon zanmi.



SENK SANS YO

# Ana ak Tiga

Dwa d'otè @ 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun piti






Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite  
<https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>





# Ana ak Tiga

## RASANBLE TOUT 7 LIV



Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Dwa d otè @ 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun piti. Tout dwa rezève. Pèsòn moun pa gen dwa repwodui oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li nan okenn fason sòf si li gen pèmasyon ekri ki soti nan men editè.